Ассаламу гIалайкум!

# ГЪУДУЛЛЪИ
ДРУЖБА

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 43-44 (9863-9864) | 23 июнь | Рузман | 2017 сон

## РАЙОНАЛЪУЛ ИМАМАСУЛ БАРКИ!



*Хириял бусурбаби!*

*Рамазан моцIалъ, бусурбанаб умматалъго гIадин, нилъер районалъул гIадамазги ккуна кIал, гьаруна ТIадегIанав Аллагьасе рокьулел лъикIал ишал, бикьана садакъа.*

*БетIергьанас нилъее моцIалъ рес кьун букIана кантIизе, ккарал мунагьазда ва гъалатIазда тIад ургъизе, гьел ритIизаризе.*

*Цо рагIудалъун абуни, рухIияб рацIцIалъиялда тIад хIалтIизе нилъер щивасе щун букIана тIубараб моцI. ЦIикIкIарасез гьелдаса пайдаги босана.*

*Дие ракI-ракIалъ бокьилаан рахIму-цIоб гIатIидав БетIергьанас нилъер дугIа къабул гьабизеги мунагьазда тIаса лъугьинеги.*

*Баркула нужеда тIаде щолеб бугеб КIалбиччанкъоялъул байрам!*

*Гьарула нужее рекъел, рокъоб баракат, щулияб иман ва Аллагьасукьа хIинкъи.*

*Биччанте Аллагьас къабул гьабизе нилъер щивасул ккураб кIалги бахъараб сахIги. Амин!*

**АхIмадхIажи МухIамаев**

## АЛЛАГЬАСУЛ РАХЪАЛДАСА КИРИГИ ГIАДАМАЗУЛ РАХЪАЛДАСА БАРКАЛАГИ

Гьаб, тIолалго бусурбабазе бищун хирияб, Рамазан моцIалъ Микрорайоналда киридахъ гIадамал кваназарулеб ашбаз (кафе) рагьун бугилан бициндал, дие кутакалда бокьун букIана гьелъул хважаинзаби щалали лъазеги, гьел иман бугел чагIазулгун лъай-хъвай гьабизеги. Амма заман гьечIолъиялъги дирго кIвахIалаб, хIалихьатаб хасияталъги рес кьечIо жиндир заманалда гьенивеги ун, гьел муъминзабазул хIакъалъулъ макъала хъвазе.

Жакъа дица гьеб дирго гъалатI битIизабулеб буго…

Кафеялъул кIалтIа дандчIварай чIурканго-ретIа-къарай цо чIужугIаданалда нижеца гьикъана гьаб идараялъул хважаин кий ятизе кIолейилан. Гьелъ абуна гьей гIадан жий кколилан.

Нижерго мурад загьир гьабидал, газеталдеги жоги хъвазе кколеб жойищила Аллагьасе гIоло гьабулеб ишилан, цо кIудияб рохелго загьир гьабичIо чIужугIаданалъ. Жиндир росасги рахъ кквезе гьечIила гьединаб жоялъулин тIадеги жубана.

БукIаниги, нижер тIадчIараб гьариялдаса хадуй, кафеялъул хважаин мукIурлъана цо дагьабго заман нижее сайгъат гьабизе.

Гьабуна лъай-хъвай, ккана берцинаб хабар.

Гьей йигоан Гъодобери росулъа Микрорайоналда гIумру гьабулей ГIабдурахIманова Заира…



Хабар-кIалалдаса бичIчIана гьей гIезегIан магIнаяй, рекIелъ иманги гIадамаздехун адабги бугей гIадан йикIин.

- БитIун бице, Заира, тIоцебе лъил ботIролъ паркъараб гьедигIан къиматаб, лъикIаб, Аллагьасул кириги, гIадамазул баркалаги щолеб пикру?- ан гьикъана нижеца .

- БетIергьанчиясулги дирги ботIролъе Аллагьас рещтIинабуна гьеб пикру,- йилан разиго гьимана кафеялъул хважаин.- Нижеца кафе рагьана жирияб Рамазаналъул тIоцебесеб къоялъ. Дида бетIергьанчияс гьикъана жинца ремонтги гьабун кафе кодобе кьуни, кIолищила дуда, хирияб моцI лъугIинегIан, кIал биччазе вачIанщинав чи гьенив кваназавизе.

Аллагьасул кумекалдалъун кIвеялда божи бугилан жаваб кьуна дицаги...

***(Ахир 3-гьум.)***



## Пресс- служба райадминистрации сообщает:







Джавгарат Ахмадудинова, пресс-секретарь

## Глава района поздравил работников здравоохранения с профессиональным праздником Днем медицинского работника



Уважаемые работники учреждений здравоохранения ,ветераны медицинской отрасли Ботлихского района!

От всего сердца поздравляю вас с профессиональным праздником – Днем медицинского работника!

Профессия врача полностью посвящена служению людям. Она требует от Вас не только верности клятве Гиппократа и богатых знаний, но и бесконечного терпения, стойкости, чуткости и душевной щедрости. Нелегким повседневным трудом Вы охраняете величайшие ценности, дарованные нам - жизнь и здоровье.В медицине не бывает случайных людей. Душевная щедрость, гуманизм, милосердие, нередко и самопожертвование – эти бесценные качества непременно присущи настоящему медицинскому работнику. Ваш нелегкий труд на благо людей был и есть каждодневный подвиг, достойный преклонения и уважения. Выражаю искреннюю и глубокую благодарность за ваш труд, бескорыстие, терпение и доброту. Уверен, что ваши знания, опыт, ответственное отношение к делу и впредь будут способствовать укреплению здоровья населения. Желаю вам профессиональных успехов и тех жизненных благ, которые вы ежедневно дарите людям – здоровья, радости и уверенности в завтрашнем дне. Пусть самой большой наградой для вас станут улыбающиеся и благодарные лица ваших пациентов, которым вы подарили радость здоровой жизни!

С праздником!

**Глава МР «Ботлихский район»**
**Магомед Патхулаев**




## 8 ИЮНЯ 2017 ГОДА В БОТЛИХСКОМ РАЙОНЕ СОСТОЯЛСЯ ПРАЗДНИЧНЫЙ КОНЦЕРТ , ПОСВЯЩЕННЫЙ ДНЮ СОЦИАЛЬНОГО РАБОТНИКА

Радость поздравлений работникам социальной сферы Ботлихского района подарили работники Центра традиционной культуры народов России Ботлихского района.

От имени главы района Магомеда Патхулаева работников КЦСОН в МР «Ботлихский район» с их профессиональным праздником поздравила начальник управления культуры АМР «Ботлихский район» Лейла Джабраева

«Работа с людьми — одна из самых сложных и кто, как не вы, согреете и утешите, поможете одиноким людям или тем, кто попал в беду. Мы поздравляем вас с профессиональным праздником и желаем вам любви и мира в семье, полноценной отдачи в работе, хороших людей на пути»,- сказала она. Наиболее отличившиеся соцработники были награждены благодарственными письмами за высокий труд и качественную работу и памятными подарками.

Творческий коллектив Центра традиционной культуры народов России подарил всем присутствующим летний праздничный букет из музыкальных номеров.

***12 июня 2017г хореографический ансамбль «Ботлих» участвовал в республиканских мероприятиях посвященных Дню России в г.Махачкала. В красочной национальной форме с флагами РФ участники ансамбля приняли участие в парадном шествии от парка Ленинского комсомола до площади.***



## 12 июня 2017 года в Ботлихском районе прошли праздничные мероприятия, посвященные Дню России

Торжественное мероприятие прошло на празднично украшенной флажками и шарами открытой площадке, перед Центром культуры народов России в Ботлихском районе. На праздничные мероприятия, посвященные одному из главных праздников нашей страны, пришли работники администрации района, школ, детских дошкольных учреждений и жители района.

Открыла торжественное мероприятие начальник управления культуры АМР «Ботлихский район» Лейла Джабраева . «Я хочу искренне поздравить всех вас от имени руководства района с этим праздничным днем! Пожелать мира, благополучия, процветания! Мы все гордимся тем, что мы – россияне. И пусть никакие войны, конфликты, стихийные бедствия не коснутся нашей страны!» - пожелала она в своем выступлении.

Также она рассказала, немного об истории этого Дня и отметила, что в 1992 году именно в этот день была принята «Декларация о государственном суверенитете РСФСР».

Во дворе ЦРБ была развернута книжная выставка, а для детей - организован конкурс чтецов «Про нашу Родину , про нас», конкурс рисунка «Дружба без границ».

Завершился праздник концертным выступлением работников ЦТКНР , хореографического ансамбля «Ботлих» и воспитанников дошкольного учреждения «Чебурашка».

# АЛЛАГЬАСУЛ РАХЪАЛДАСА КИРИГИ ГIАДАМАЗУЛ РАХЪАЛДАСА БАРКАЛАГИ





(Байбихьи 1-гьум.)

Гьединаб бацIцIадаб ниятгун байбихьана Гъодобериса рослъадуца, чIорого гIадамал кванazaриялъул кири цIикIкIараб иш.

БакI ккун букIадго абилин, гьединаб кафе цебеккун киданиги букIинчIо ва гьечIо Болъихъ.

Заирал хIаракатги, гьираги, лъикIаб къасдги бихьарал аскIор ругел тукабазул руччабазги байбихьана квен-тIех хIадуриялъулъ бажарараб, кIвараб кумек гьелъие гьабизе.

Кафеялъул хважаин кутакалда рази йигоан Болъихъа яцал ПатIибика ва РабигIат ХIайбулаеваздаса, Гъодобериса Заирадаса, Зайнабидаса, Агъвалиса Мадинадаса.

Аллагь разилъагийила, щибаб къоялъ жинда хьолбохъги чIун, ракIбацIадаб хIалтIи гьабулел гьел киназдасагойилан абуна З. ГIабдурахIмановалъ.

Кие жий кканиги, цониги къоялъ къазе ккечIила кафе.

Заиралги ясазулги рагIабазда рекъон, щибаб маркIачIуда квanaзе рачIунел чагIазул къадар лъебергоялдаса гIодобе кколеб гьечIо.

- Руччаби цIакъ дагьал рачIуна нижехье, бихьиналги байбихьуда, росас къватIивеги вахъун, хIалихъего рачине кколаан жанире. Нечонлъаларо, ругьунлъичIого лъаларо, тIоцересел къояз хIакъикъаталдаги захIматго букIана. Гьанже, рецц Аллагьасе, рукIалиде ккана гIадамазул рачIин.

…Нижер фотомухбир Шамилги дунги кафеялде щвана маркIачIул какдаса хадур.

РикIкIадасанго речIчIун бачIана тIагIамаб кванил гьуинаб махI.

Гьале лъугьана жанире. Столазда хинкIалги, гьанги, гьагIоги бихьарал нижер кванирукъаз тIалаб гьабулеб букIана Заирал кванил дегустация…

Дагь-дагьккун столал цIезе лъугьана ифтаралде рачIараз.

Аллагьасе гIоло диналъул вацазегун яцазе хирияб моцIалъ хъулухъ гьабулей, рекIелъ иманги, чорхолъ ияхIги бугей Гъодобериса Заиралгун ва гьелъул гьалмагъзабазулгун къо-мех лъикIги гьабун, ниж нахъе рилълъана.

Нижер рекIелъе цо батIияб рохелги, разилъиги, тIадагьлъиги рещтIана ТIадегIанав Аллагьасе гIоло бацIцIадаб ният-къасдгун гьеб захIматаб, амма кутакалда баракатаб, метерисеб къоялъ батулеб иш тIаде босарай диналъул яцалъул кафеялда бихьаралдасаги рагIаралдасаги.

ТIасияб къоялъ дун дандчIана Заирал бетIергьанчигун.

Ильяс вихьилелдего бицун букIана дида гьесда цадахъ хIалтIулел гIолохъабаз гьев вугила кутакалда гIодове виччарав, нечарав, иманги гIадлуги бугев чи.

Гьез бицаралдасаги гIемерго лъикIав вукIун вуго Ильяс. Редакциялда ккараб къокъабго накъиталдаса дида лъана гьев ДГУялъул востоковедениеги лъугIарав, лъикIаб хIалалда гIараб мацIги лъалев чи вукIин.

Калам дагьав, иман цIикIкIарав ва ракI-ракIалъ Аллагьасукьа хIинкъулев гьев муъминчияс лъикIаб лъалкI тана дир рекIелъ…

Дица Ильясилги Заиралги хIакъалъулъ районалъул имам АхIмадхIажида бицана, гьесул пикру лъазе бокьун.

- Гьадинаб хирияб моцIалъ гьез гьабулеб ишалдаса кутакалда вохана дунги. Аллагь разилъаги жидедаса, хьизан-рукъалда баракат лъеги. Цоги-цоги рес бугел гIадамазеги къуват кьеги гьездаса мисал босизе,- ян абуна имамас.

Балагьеха гIадамазе Аллагьас кьун бугеб иман, гьез гьабулеб бугеб кIудияб ишилан пикру гьабуна дица. Дагьалищха ругел Заирадасаги Ильясидасаги гIемерго цIикIкIараб санагIат- рес бугел гIадамал Болъихъ районалда, амма цохIо гьал гурони кантIун гьечIо, гьал гурони рекIеда ратун гьечIо гьадигIан Аллагьасе бокьулеб баракатаб хIалтIи тIаде босизе.

ХIалчIахъаги нужер, дунялалъулги ахираталъулги кIиябго рукъалдаса рохаги нуж, Заираги Ильясги!

**ГI. ГIУМАХАНОВ**



Нильер ракьцоял - район тун къватlир

# ЦIУМАЛ РОРЖАНХЪУЛА НАКIКIАЗДА ТIАСАН



*ЦIалана дирго ракьцояй, ракIцояй, гIемерал соназ йихьичIей, амма цо- цо пикрабалъги хъулалъалъги цее тIамулей гьайбатай гIадан, унго- унгояй магIарулай, гьунар бугей шагIир Джамилял пашманаб къиса.*

*БитIахъе борлъалъун керенгун рекIелъе биун тIураб гIадаб гьеб асаралъ дунгоги вачана, цебего боржун араб, гIолохъанлъиялъул гьалагал сверабазде.*

*Параялъ паркъана берда цебе тIолабго гIумру, гIемерал соназ, Джамиляцаго гIадин, хIеренго рекIелъ цIунараб, цIар лъезе лъалареб, амма бищунго дунялалда анищаб, къиматаб, къоял сверaниги, сонал аниги, ссунареб гIажаибаб ТIоцебесеб рокьул макъу гIадаб лахIзат...*

## РИЛЪЛЪА, ГЬУДУЛ, ЖАКЪА РАЛЪДАЛ РАГIАЛДЕ .........

Рилъа ,гьудул, жакъа ралъдал рагIалде,
Фол карачелазде керен чучизе.
Ралъдал рагIал сверун суртиял таккал,
Гъур-гъур бачунелъул гIин тIамун чIчIезе.

«Фоба гамачI буго кидаялиго»,
Нилъ гурел, батIиял тIад гIодор чIарал.
Дуца тIамуралда килщал кIутIила,
КIарчанго шигIраби дица щурила.....



Цинги заман индал, сонал сверидал,
Сариназулъ дуца рехсела гамачI,
Цо кидаялиго нилъ тIад кIусараб,
РекIелъ цо хIайранаб асар хутIараб.......

## ДИЦА ДУХЪЕ САЛАМ БИТIУЛЕБ БУГО

Дица духъе салам битIулеб буго
Араб гIасруялъул гIумроялдасан.
Дуняладла гьечIей ячIуней йиго,
ДандчIвазе рес гьечIел къурул парссахъан.

Мун кватIун вачIана, дун хехго ана,
Харилъе шубгIадин щущан гIумрогин.
ШигIрабалъ дица мун чанги ахIана,
Дир ахIи дур гIинде багъилеб гIадин..

Дир моцI тIерхьун ана, дур цIцIва кунчIана,
Канаб батайги дуй метерисеб къо.
Дий хасел рещтIана, дуй ихх гьимана,
Гьуинлъайги ,дарман, дуй щибаб сордо !!!

## БАХЧАРАБ АСАР

РакIалдаго гьечIого, компьютералда зирран гьаракьги бахъун, смска бачIана . Амма Марьямие гьелъул ургъелго ккечIо. Къаси цо гIажаибго пашман букIана гьелъул ракI.... ЧIобогояб рукъов гьелда кIалъазе, я ракI чучизе чи вукIинчIо . Киналъулго пикрабиги гьарун, бадиб ххулулеб букIана магIу. РакIалде бачIунеб букIана кинабго цебе араб щинаб. ТалихIаб лъимерлъи, лъикIал эбел эмен, школалъул сонал.

Щаялиго инсуца, школа лъугIарабго, рагIи къуна киданиги гьалда вихьичIев васасе гьай къезе. Щализе ине букIараб гьираги хутIана хIорго. БукIинчIо Марьямил гьесдехун кинабгIаги рекIел цIайи цадахъаб гIумруялдаги . КIвечIо гьесдаги гьелъул рекIелъе нух батизе...

Гьанже лъималги, жиде-жидерго хьизамалгин, гьалдаса рикIкIад руго. Унел соналги руго... тIокIалъ киданиги нахъ руссине гьечIел.

...ГIумалав Марьямида цо чанго нухалъ гурони вихьуниго вукIинчIо, амма гьалъул ракI щаялиго тIуркIулаан гьев дандчIвайгун. Гьалъул рекIелъ тIубараб гIумруялъего бакI ккун хутIана гьесдехун недегьлъиги, гIищкъуги, гьесдаса бахчараб бальгояб рокьиги.

Марьямида лъалаан гьесиеги ригьнал битI ккечIеблъи ва зодихъ ругел цIваби жиндие гурелги, гьесиеги кунчIичIеллъи. Амма жиндирго асар гьесдаги цойгидаздаги лъазе кутакалда ничаб жольун рикIкIунаан гьелъ. ГIумаласул кучIдул хъвазе бугеб гьунаралдаса рохел букIунаан гьелъул , гьел цIалигун гьевгун дандчIвараб гIадинаб рохалилаб асарги лъугьунаан.

Кин бугониги чIужугIаданльидал, рекIел тIиналда бахчун букIунаан гьитIинабго хъул , цо къоялъ гьес жиндие гьединабго асар рагьилин ва тIокIалъ киданиги цоцаздаса рилилан.

Гьеб хьул бахчун букIана анцI-анцI соназ ва тIолабго гIумруялъ толеб



букIинчIо гьелъ хIалхьи. Амма гьев вачIунев вукIана гIицIго макьабазулъ ва пикрабазулъ.

..Унеб букIана гIумру. РахIму тун. ГурхIел гьечIого гьурмада бакI кколеб букIана рукIкIалабаз ва кидаялиго гьайбатаб гьумер гьанже гьелъие хисулеб букIана...

МатIуялде цеги ячIун, жиндирго къер хисулел гьалазухъги ялагьун, бадиб магIу гирана Марьямил. ЧIобогояб рукъоб гьабичIо гьелъие лъицаниги ракI -макI.

Нагагь гьадин циндаго гIажал щваниги, льидаго лъазехъин гьечIо гурищхайилан цо дагьайги къварилъахьдана гьей, жиндирго бесдалго араб гIолохъанлъиги гьанжеги гьединабго къисматги цебе чIун...

Компьютералда цойги смсалъул зваргъи. Гьираго гьечIого яккана экраналде. ВАЙ.... илан ахIана гьелъул ракIалъ. Кин гьаб?

Гьеб букIана ГIумаласул номералдаса цо чамго мухъ.

Гьес гьикъулеб букIана, дир сайталда ругел, НухIил заманаялъго хъварал жиндир кочIол мухъалгIайги кирдила ратаралилан. Интерналда гьечIищха гьел, лъикIал кучIдузе замана букIунарин, замана гьезие мукIураб букIуниланги абун, къокъ гьабулеб букIана Марьямица хабар, амма кинго къокълъичIо гьеб.

Гьеб сверана цо бициНе лъалареб йиха- хочараб хабаралде ва гьединго лъугIизеги лъугIана.. ЛъугIана унтараб рекIеда квартIица бухун кIудияб магI къазабураб хIисабалда Марьямги хутIун.

Гьелда цIидасан цебе чIолеб букIана ГIумалавги ракIалда къан араб, нахъ буссине рес гьечIеб гIолохъанлъи, роржарал сонал, билараб талихI, жиндирго чIобогояб рукъ. КIвечIо гьелда гIолохъанал соназ гьесие ракI рагьизе, кIвечIо гьанжеги. Гьеб гьукъулеб букIана гьалъул намусалъ. ..

Каранде къандалъоги къан, ракI бекун гIодилаго Марьямица щурулеб букIана "щай?" , "сундуе гIоло? " - йилан. Бадиса чвахулеб магIуялъ щибго бихьулеб букIинчIо ва бичIчIулеб букIинчIо, гIадан - чи гьечIеб рукьоб, лъие гьелъ суалал кьолел ругелалиги.



# ХЪУРЩИЗЕ РИЖАРАЛ РОРЖУНАРИЛАН

### ГЪАЛБАЦI БЕЛЪАНХЪУЛА БОРХАЛЪУДАСАН.........

Радал рахъаразул кьегIер цIцIуябин,
ЦIваби тIерхьинелде бачIуна хIама,
Жибги депутатин Госдумаялде
ЦIар жиндирги хъвайин, хъван кьола гIарза.

Жинда тIад букIараб цIулал гъалдибер
ЦIадабе рехула хайир гьечIилан,
ТIад тIамун букIараб тIутIураб тIенкел
ТIокIаб хIажат гьечIин речIчIула гIодоб.

ГIорцIен гIедегIула гIарзаги босун,
ХIамул хIажат гьечIин, цIар жиндир хъвайин.
Хъазахълъуда бугеб хъурумсахъ хIама
Нахъе бачахъеян гьабула хитIаб

Хадуб тIаде щола цо чудказул бо
Жидерги цо чудук гъорлъе бачеян,
Депутатасул цIар, цIар араб мандат
Чараго гьечIого хIажат бугилан.

ГIиял рехъенги тун, чахъу бачIуна,
Жиб гIадада хвезе гIайиб гурищан,
Кутул мимидула, гьаби хIапдола
ХIакимлъи жидейги хIажат бугилан.

...ГъалбацI белъанхъула борхалъудасан,
Гъал хIелхIелчагIазул учузлъийилан.
ЦIумал роржанхъула накIкIазда тIасан,
Хъурщизе рижарал роржунарилан

### ДИЦАЯН ГЬЕДУЛА, ДУНАН ГЬАРДОЛА

*Базаралда, капкахъ вичун восизе,*
*Мун ватиларищан щун йиго жакъа.*
*Багьа хъвараб хъарщи карандаги чIван,*
*Гьудул гьечIодаян ячIун йиго дун.*

*Аби гурищ бугеб Бичасул рохьдолъ,*
*Бачал гIемер ругин багьа кьоларел.*
*Дудаго бихьичIищ, чамги гIоркьилас,*
*ТIад тIагъур лъун буго ботIрохъ кьолареб ?!*

*Гьале цо гIоркьилав кьерилазда гьорлъ,*
*КьучI гьечIеб хабаргин хиянаталда.*
*Дицаян гьедула, Дунан гьардола,*
*Гьавги довги какун, купру гьабула.*

*Гьас гьудулги вичун чакар босула,*
*Гьалмагъзаби хисун хурзал рекьула.*
*ХIакимасе хIелун, рухIгIан вокьулев,*
*НахъегIанаб калам камил гьабула .*

*...Вай, ватана гьале гьав базаралда,*
*Хьорщода ван вуго хъахIилаб гвердилъ.*
*Сверун джипал руго, жаниб кейс буго,*
*Каранда бугеб ракI гIанкIудал буго.*

*Къимат борхалъизе костюмги ретIун,*
*Гверде рекъеялъе галстукги бухьун.*
*Чан къаркъала бугеб къватIал мерхьунеб,*
*Чан багьадур вугев багьа щоларев ?!*

## ЗУМРАТ

***-Алло, Джамиля, мун кин йигей, - ян ахIун бачIана Москваялдасан Зумратица,- ЮцIцIун чIун йиго гури дурго ватIаналде щвейгун?***

- Нужедаса отдых гьабулей йиго, гьале къаси МухIамад АхIмадовасул юбилеялде ине хIадурлъулей, сонго рачIарал приглаcительныялги руго ункъо чиясе. Пайда щиб нуж рукIаралани анир.

-- Батани рачIинаха нижги, - ян релъулаго кIалъана Зумратги гьелда цадахъго Асиятги, цоцахъе трубкаги кьолаго.

Махсаро-хочIалъул харбидаса хадуб бичIчIана гьел унго-унголъунги къаси маркIачIуда самолеталда МахIачхъалаялде щвезе рукIин .

Гьеб букIана цо маргъу гIадинаб хабар : Зумрат киданиги ДагъистаналдещунйикIинIова дица чанцIулго цадахъ ячине хIал бихьаниги гьей хIинкъадго ва пашманго унаан гьеб харбидаса.

АхIмадовасул юбилеялде инеги щвечIого, гьезда дандчIвазе аэропорталде гIедегIарай дир пикраби роржана цIорораб хасалил кьоялде.

КъватIиб берцинго балеб букIана чIахIияб гIазу, тIабигIаталъ ахIулел рукIана жиндирго гьайбатлъи бихьизе...

ХIалтIул кьоги лъугIун рукъое гIедегIарай дир кабинеталде жание йоржун ячIана Зумрат.

Метералде жийго нахъ чIвайдал, хIеренаб каламалдалъун гьелъ бицана жий пуланав чияс йитIанин ва жийги Дагъистаналдаса кколилан .

Гьелъ дихъе кьурал документаздасан бихьулеб букIана, амма бичIчIулеб букIинчIо - щай Зумрат АхIмадовналъул фамилия Земцова бугебали. Гьеб суал дицаги кьечIо.

ТIабигIаталъул берцинлъиялъ хIайран гьарурал ниж, гьеб сордоялъ, къвархьиялда хъахIаб гIазуги мерхьунаго, цо дагьал тира- сверана Москваялъул къватIазда.

Хадурги, Зумратил ишал тIуралаго, ниж чамцIулго дандчIвазе ккана ва цо кьоялъ гьелъ циндаго гьарана жиндир гьаюраб къоги бугила, бегьиларищила жинца мун гьоболлъухъ ахIизеян. Нижер ккана лъикIаб гьудуллъи, Зумрат ятана кутакалда ракIбацIцIадай, гIадамал хирияй, яхI- намус - борхатай гIадан. Гьей йикIана Москваялъул Пироговасул цIаралда бугеб хирургиялъул кафедраялда лекция цIалулей профессор ва больницаялда хIалтIулей махщел камилай хирург.

Дие тамашаго букIунаан гьелъул хIеренлъиги хирургглъиги киндай цадахъ кколебан.

Цо нухалъ хIалтIудасанго дихъе ячIарай Зумрат, къаси гьенийго рещтIун хутIана. Гьелъ жинцаго гьабуна дие хъулухъги, цIакъ берцинго нисдал цIурачадалги гьарун.

-- Мун гIодой чIая, те дун Дагъистаналъул квен гьабизе,- ян, гьелъ гьарун цере лъуна холесги квине гIадал пурщаби....

Гьабщинаб заманаялъ дандчIвалел ругониги, дица Зумратие араб гIумроялъул суалал кьолароан ва гьелъул къисмат лъаларoан....

- Дир эмен магIарулав ккола, - ян байбихьана гьелъ,- эбел йиго полякай.

Москваялда дандчIварал гьел, цоцазеги рокьун, йижун йиго дун. Лъабго сон дица бараб мехалъ, эмен нижги рачун ,Дагъистаналде ун вуго. Цоцазе рухI гIадин хирияв эбел - эмен , гьенир ратIа гьарун руго инсул гIагарлъиялъ... Кодоб лъимергун , шагьаралде чияр рокьой рехун эбелги тун , росулъ цойги чIужу ячун йиго гьез инсуе ва гьез гьабуралда разилъун эменги чIун вуго....

Гьеб захIмалъарай эбелалъ инсуда гьарун буго ниж Москваялде нахъе ритIеян, гьес агъазго гьабун гьечIо ва нухда рекIине жоцин кьун гьечIо. Гьеб хIалихьалъи захIмалъарай эбел, ракIбакъваялъ, бусаде ккун йиго Москваялде щварайго ва тIокIалъ гьелъул гьурмада гьими кунчIун гьечIо.

*(Ахир бук1ине буго)*

### ЧАНГИ ВАХЬНА ВУГО ЖИВГИ ЧИЙИЛАН...

Нагагь цо хванани, цойги букIине
кIи-кIи рагIи бугел руго гIоркьилал.
дун, дица, дирилан чагъанаги хьван,
чанги вахьна вуго живги чийилан .

чIухI-чIухIун кIалъала, кIич-кIичIун уна
жиндирго кабинет кагIбайин ккола.
дунял цохIо жинца ккун бугеб гIадин,
гIамал кIодолъиялъ гIадло хисула

…ракьулъан вачIарав, ракьулъе унев,
щайзе инсанасе илбисаб гIамал?
дунялалъул рукъги дагъаб жолъидал,
лъалареб щай гьанив жив гьобол вукIин.

*Гьанже дица духъе*
*саламги босун*
*" Самаалъул нак1к1ал"*
*рит1улел руго.*
*Дур хабарги босун*
*дихъе щвайилан*
*"Шамалъул гьороде"*
*гьарделей йиго......*



# ПОСТАНОВЛЕНИЕ

от 15 июня 2017 г. **№45** с. Ботлих

**О подготовке населения в области защиты от чрезвычайных ситуаций природного и техногенного характера**

В соответствии с Федеральным законом «О защите населения и территорий от чрезвычайных ситуаций природного и техногенного характера», постановлением Правительства РФ от 4 сентября 2003 года № 547 «О подготовке населения в области защиты от чрезвычайных ситуаций природного и техногенного характера» и в целях совершенствования подготовки населения в области защиты от чрезвычайных ситуаций природного и техногенного характера администрация муниципального района постановляет:

1. Утвердить прилагаемое Положение о подготовке населения в области защиты от чрезвычайных ситуаций природного и техногенного характера.
2. Установить, что подготовка населения в области защиты от чрезвычайных ситуаций природного и техногенного характера (далее именуются - чрезвычайные ситуации) организуется в рамках единой системы подготовки населения в области гражданской обороны и защиты населения от чрезвычайных ситуаций и осуществляется по соответствующим группам в организациях (в том числе в организациях, осуществляющих образовательную деятельность), а также по месту жительства.
3. Методическое руководство, координацию и контроль за подготовкой населения в области защиты от чрезвычайных ситуаций возложить на отдел безопасности, гражданской обороны и чрезвычайных ситуаций администрации МР «Ботлихский район» (далее - отдел БГО и ЧС).
4. УО АМР «Ботлихский район» совместно с отделом БГО и ЧС обеспечить соблюдение государственных образовательных стандартов (кроме федерального государственного образовательного стандарта дошкольного образования) и примерных основных образовательных программ (кроме образовательных программ дошкольного образования) и обеспечить получение подготовки в области защиты от чрезвычайных ситуаций.
5. МКУ «Редакция районной газеты «Дружба», МКУ «РВК «Ботлих», отделу БГО и ЧС и администрациям сельских поселений обеспечивать пропаганду знаний в области защиты населения от чрезвычайных ситуаций, в том числе с использованием средств массовой информации.
6. Признать утратившим силу постановление администрации МО «Ботлихский район» от 24 апреля 2006 года № 42 «О порядке подготовки защиты населения и территорий от чрезвычайных ситуаций».

**И.о. главы района А. Магомедов**

---

## УТВЕРЖДЕНО

**постановлением АМР «Ботлихский район» от 15.06.2017 г. №45**

### ПОЛОЖЕНИЕ
**о подготовке населения в области защиты от чрезвычайных ситуаций природного техногенного характера**

1. Настоящее Положение определяет группы населения, проходящие обязательную подготовку в области защиты от чрезвычайных ситуаций природного и техногенного характера (далее именуются - чрезвычайные ситуации), а также основные задачи и формы обучения населения действиям в чрезвычайных ситуациях.

2. Подготовку в области защиты от чрезвычайных ситуаций проходят:

а) лица, занятые в сфере производства и обслуживания, не включенные в состав органов управления единой государственной системы предупреждения и ликвидации чрезвычайных ситуаций (далее именуются - работающее население);

б) лица, не занятые в сфере производства и обслуживания (далее именуются - неработающее население);

в) лица, обучающиеся в организациях, осуществляющих образовательную деятельность по основным общеобразовательным программам (кроме образовательных программ дошкольного образования), (далее именуются - обучающиеся);

г) руководители органов местного самоуправления и организаций;

д) работники органов местного самоуправления и организаций, специально уполномоченные решать задачи по предупреждению и ликвидации чрезвычайных ситуаций и включенные в состав органов управления единой государственной системы предупреждения и ликвидации чрезвычайных ситуаций (далее именуются - уполномоченные работники);

е) председатели комиссий по чрезвычайным ситуациям органов местного самоуправления и организаций (далее именуются - председатели комиссий по чрезвычайным ситуациям).

3. Основными задачами при подготовке населения в области защиты от чрезвычайных ситуаций являются:

а) обучение населения правилам поведения, основным способам защиты и действиям в чрезвычайных ситуациях, приемам оказания первой медицинской помощи пострадавшим, правилам пользования средствами индивидуальной и коллективной защиты;

б) выработка у руководителей органов местного самоуправления и организаций навыков управления силами и средствами, входящими в состав единой государственной системы предупреждения и ликвидации чрезвычайных ситуаций;

в) совершенствование практических навыков руководителей органов местного самоуправления и организаций, а также председателей комиссий по чрезвычайным ситуациям в организации и проведении мероприятий по предупреждению чрезвычайных ситуаций и ликвидации их последствий;

г) практическое усвоение уполномоченными работниками в ходе учений и тренировок порядка действий при различных режимах функционирования единой государственной системы предупреждения и ликвидации чрезвычайных ситуаций, а также при проведении аварийно-спасательных и других неотложных работ.

4. Подготовка в области защиты от чрезвычайных ситуаций предусматривает:

а) для работающего населения - проведение занятий по месту работы согласно рекомендуемым программам и самостоятельное изучение порядка действий в чрезвычайных ситуациях с последующим закреплением полученных знаний и навыков на учениях и тренировках;

б) для неработающего населения - проведение бесед, лекций, просмотр учебных фильмов, привлечение на учения и тренировки по месту жительства, а также самостоятельное изучение пособий, памяток, листовок и буклетов, прослушивание радиопередач и просмотр телепрограмм по вопросам защиты от чрезвычайных ситуаций;

в) для обучающихся - проведение занятий в учебное время по соответствующим программам в рамках курса «Основы безопасности жизнедеятельности» и дисциплины «Безопасность жизнедеятельности»;

г) для руководителей органов муниципальной власти - получение дополнительного профессионального образования по программам повышения квалификации в государственном казенном образовательном учреждении Республики Дагестан "Учебно-методический центр по ГО и ЧС», проведение самостоятельной работы с нормативными документами по вопросам организации и осуществления мероприятий по защите от чрезвычайных ситуаций, участие в ежегодных сборах, учениях и тренировках, проводимых по планам администрации МР «Ботлихский район»;

д) для председателей комиссий по чрезвычайным ситуациям, руководителей органов местного самоуправления и организаций, а также уполномоченных работников - получение дополнительного профессионального образования или курсового обучения в области защиты от чрезвычайных ситуаций не реже одного раза в 5 лет, проведение самостоятельной работы, а также участие в сборах, учениях и тренировках.

5. Для лиц, впервые назначенных на должность, связанную с выполнением обязанностей в области защиты от чрезвычайных ситуаций, курсовое обучение в области защиты от чрезвычайных ситуаций или получение дополнительного профессионального образования в области защиты от чрезвычайных ситуаций в течение первого года работы является обязательным.

6. Дополнительное профессиональное образование по программам повышения квалификации или курсовое обучение в области защиты от чрезвычайных ситуаций проходят:

# ПОСТАНОВЛЕНИЕ

от 15 июня 2017 г. **№45** с. Ботлих

**О подготовке населения в области защиты от чрезвычайных ситуаций природного и техногенного характера**

б) руководители и председатели комиссий по чрезвычайным ситуациям органов местного самоуправления и организаций - в учебно-методическом центре по гражданской обороне и чрезвычайным ситуациям Республики Дагестан;

в) уполномоченные работники - в организациях, осуществляющих образовательную деятельность по дополнительным профессиональным программам в области защиты от чрезвычайных ситуаций, находящихся в ведении Министерства Российской Федерации по делам гражданской обороны, чрезвычайным ситуациям и ликвидации последствий стихийных бедствий, других федеральных органов исполнительной власти, в других организациях, осуществляющих образовательную деятельность по дополнительным профессиональным программам в области защиты от чрезвычайных ситуаций, а также на курсах гражданской обороны муниципальных образований и в других организациях.

7. Совершенствование знаний, умений и навыков населения в области защиты от чрезвычайных ситуаций осуществляется в ходе проведения командно-штабных, тактико-специальных и комплексных учений и тренировок.

8. Командно-штабные учения продолжительностью до 3 суток проводятся в федеральных органах исполнительной власти и в органах исполнительной власти субъектов Российской Федерации 1 раз в 2 года, в органах местного самоуправления - 1 раз в 3 года. Командно-штабные учения или штабные тренировки в организациях проводятся 1 раз в год продолжительностью до 1 суток.

К проведению командно-штабных учений в органах местного самоуправления могут в установленном порядке привлекаться оперативные группы военных округов, гарнизонов, соединений и воинских частей Вооруженных Сил Российской Федерации, войск национальной гвардии Российской Федерации и органов внутренних дел Российской Федерации, а также по согласованию с органами местного самоуправления - силы и средства единой государственной системы предупреждения и ликвидации чрезвычайных ситуаций.

9. Тактико-специальные учения продолжительностью до 8 часов проводятся с участием аварийно-спасательных служб и аварийно-спасательных формирований (далее именуются - формирования) организаций 1 раз в 3 года, а с участием формирований постоянной готовности - 1 раз в год.

10. Комплексные учения продолжительностью до 2 суток проводятся 1 раз в 3 года в муниципальных образованиях и организациях, имеющих опасные производственные объекты, а также в лечебно-профилактических учреждениях, имеющих более 600 коек. В других организациях 1 раз в 3 года проводятся тренировки продолжительностью до 8 часов.

11. Тренировки в организациях, осуществляющих образовательную деятельность, проводятся ежегодно.

12. Лица, привлекаемые на учения и тренировки в области защиты от чрезвычайных ситуаций, должны быть проинформированы о возможном риске при их проведении.

13. Отдел БГО и ЧС:

а) осуществляет координацию, методическое руководство и контроль за подготовкой населения в области защиты от чрезвычайных ситуаций;

б) определяет перечень уполномоченных работников, проходящих обучение по дополнительным профессиональным программам или программам курсового обучения в области защиты от чрезвычайных ситуаций в организациях, осуществляющих образовательную деятельность по дополнительным профессиональным программам в области защиты от чрезвычайных ситуаций, находящихся в ведении Министерства Российской Федерации по делам гражданской обороны, чрезвычайным ситуациям и ликвидации последствий стихийных бедствий, в других организациях, осуществляющих образовательную деятельность по дополнительным профессиональным программам в области защиты от чрезвычайных ситуаций, в УМЦ по ГО и ЧС Республики Дагестан, а также на курсах гражданской обороны муниципальных образований и в других организациях;

в) разрабатывает и утверждает примерные дополнительные профессиональные программы и примерные программы курсового обучения в области защиты от чрезвычайных ситуаций для обучения лиц, указанных в подпунктах «а», «г», «д» и «е» пункта 2 настоящего Положения.

14. Финансирование подготовки председателей комиссий по чрезвычайным ситуациям органов местного самоуправления, уполномоченных работников соответствующего звена территориальной подсистемы единой государственной системы предупреждения и ликвидации чрезвычайных ситуаций, содержания курсов гражданской обороны муниципальных образований, подготовки неработающего населения, а также проведения органами местного самоуправления учений и тренировок осуществляется за счет средств местных бюджетов.

Финансирование подготовки работающего населения в области защиты от чрезвычайных ситуаций, подготовки и аттестации формирований, а также проведения организациями учений и тренировок осуществляется за счет организаций.

## ЗАКЛЮЧЕНИЕ

**о результатах публичных слушаний по**

**проекту решения Собрания депутатов муниципального района «Ботлихский район»** «Об отчете, об исполнении районного бюджета муниципального района «Ботлихский район» за 2016 год и назначении по нему публичных слушаний

**20 июня 2017 года** **с. Ботлих**

Публичные слушания назначены решением Собрания депутатов муниципального район «Ботлихский район» от 18 мая 2017 года № 2 «Об отчете, об исполнении районного бюджета муниципального района «Ботлихский район» за 2016 год и назначении по нему публичных слушаний».

Уполномоченный орган по проведению публичных слушаний, а также принятию предложений граждан по проекту решения – оргкомитет Собрания депутатов муниципального района «Ботлихский район».

Публичные слушания были проведены 20 июня 2017 года в 10 ч. 00 минут в зале заседаний АМР «Ботлихский район».

На публичных слушаниях присутствовало - 14 чел.

В ходе обсуждения проекта решения Собрания депутатов муниципального район «Ботлихский район» от 18 мая 2017 года №2 «Об отчете, об исполнении районного бюджета муниципального района «Ботлихский район» за 2016 год и назначении по нему публичных слушаний» предложений по дополнению и изменению проекта решения не поступило.

Присутствующими на публичных слушаниях было рекомендовано предложить Собранию депутатов муниципального район «Ботлихский район» утвердить «Отчет об исполнении бюджета муниципального района «Ботлихский район» за 2016 год» в предложенной редакции.

**Председатель оргкомитета Далгатов Б.Г.**

**Газета гIуцIарал:**

**МР «Болъихъ районалъул администрация**

**учредители:**

**Администрация МР «Ботлихский район»**

БетIерав редактор

**ГI. ГIумаханов**

Отделалъул редакторал

**П. Дибирова**

**А. Агъларов**

**Мухбирзаби**

***З.МухIамадова***

***М. ГIумаханова***

**Наборщица**
**П. Эльдарова**

**Дизайнер**
**С. Камилова**

**Программист**
**А. Ибрагьимова**

**Фотокорр**
***Ш.Муртазалиев***



***Индекс: 368970***

***Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Школалъулаб къватI***

***Телефонал:***

***Редакторасул 2-20-53***

***гIаммаб 2-20-37***

*Эл. адрес druzhba555@mail.ru*



***Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.***

***Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6***

***Тираж -550***
***Индекс-51349***
***Багьа-6 гъурущ***

***Газета печаталде кьуна 16.00 хамиз къоялъ***
***Газета кьабуна 20.00***

***Заказ № _____***

***Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ.***
***Регист. ПИ***

***№ 10 - 4614***

***Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.***


# ЛЪУРАЛ ЦАБИ-ГIУСАЛ РУГЕЗЕ МАЛЪА-ХЪВАЯЛ

Лъиего балъголъилъун батиларо цаби-гIусал цIунун хутIиялъе гьел рацIцIад чIезариялъул кIудияб кIвар букIин. ТIадчIараб ва гьоркьоса къотIи гьечIеб хъулухъ хIажалъула, хасго лъурал цаби-гIусазе (протезазе) Мисалалъе бачани, гьел тIабигIиязде дандеккун цIикIкIун чороклъула ва протезаздасан пайда босулел гIадамазда гIемер дандчIвала дабазул, стоматитал (кIал-мацIалъул) унтаби. Протезал ругел гIадамаз щибаб кванда хадуб лъикIаб хIалалда кIал ххулизе ккола. Рахьун лъолел протезал абуни чвахулеб лъеца чуризе ккола.

Хасго тIадчIун кванил хутIелаздаса бацIцIад гьабизе ккола лъурал цабазда ва дабазда гьоркьоб бакI, гьединго пайда босизе бегьула хасал цаби рикIулел гIучIаздасан. Узухъда, кванда хадуб кIал ххулизе лъикIаб буго лъурал цаби-гIусал гьечIезеги.

Лъурал ва тIабигIиял цаби-гIусал кидаго радалги кьижилелде цебеги чурун рацIцIад чIезаризе ккола щивас. Гьебго малъизе ккола лъималаздаги. Гьанибго бицен гьабизе бокьун буго лъурал рукIа, тIабигIиял рукIа цаби-гIусал чурулеб къагIидаялъул хIакъалъулъ. Киназдаго гуро гьел чуризе лъалел. Цаби чурулаго щетка хьвадизе гьабула тIаде-гъоркье цабазда щвезе гьабун. Байбихьизе лъикIаб буго цо рахъалдасан дагь-дагьккун цересел цабазде рачIуна ва цогидаб рахъалда гIусазде щола. Гьединаб куцалда кIи-кIи лъаб-лъаб ккун чурула. Цаби-гIусал рацIцIад гьарула гIицIго къватIисан гурелги жанисанги. Цаби-гIусал чури халат бахъула 2-5 минуталъ. Чурун хадуб гьел цIамул лъеца хулизеги лъикIаб букIуна. Гьелъ лъикIаб асар гьабула дабазеги.

**Х. РАМАЗАНОВ,цаби-гIусазул тохтур.**

# КЪО-МЕХ ЛЪИКI ГЬАБУНА ЯСЛИ-АХАЛЪУЛГУН



Гьал къоязда АнсалтIа росдал Халидова ПатIиматица нухмалъи гьабулеб «Аист» ясли-ахалда тIобитIана гьитIичал-выпускникал школалъулаб гIумруялде рахиналъул хIурматалда рохалилаб тадбир.

Жанире лъугьараб мехалъ бихьулеб букIана шаразгунтIугьдуз берцин гьабун музыкалияб зал. Гьенир кIусун ругоан гьитIичазул улбул тIаде рачIарал гьалбал.

Гьеб тадбир рагьула гьел лъималазул воспитательзаби Жаватханова Нуриятица ва ХIайбулаева ПатIиматица.

Гьез бицана гьитIичалгун жидецаго нахъе тараб нухалъул, гьезие лъикIаб рахъ малъулаго жидецаго кьураб кIваралъул ва жакъа гьел школалъулаб нухде ине жидецаго гьабураб хIадурлъиялъул. Цере рахьине изну кьола гьитIичазе. Берцинго ретIа-къарал васалгун-ясал цере рагIуна кьурдилаго. Гьелдаса хадуб гьитIичал-выпускниказ кочIол мухъаздалъун бицана жидерго гьеб ясли-ахалда арал къоязул, жидее воспитателазгун нянкабаз кьураб гIакълу-лъаялъул, лъикIаб-квешаб батIа бахъизе малъиялъул. АхIана школалда хурхарал кучIдул.

Хадуб, кодор жалго расандулел рукIарал ясик1абигун, гьитIичаз бихьизабула берцинаб кьурди ва жидедаго хадусеб гIелалъухъе кьуна гьел. Гьелдаса хадуб байбихьула хIаялъулал тайпабазде ва ахиралда жидерго бугеб махщалида ахIана машгьурал россиялъул эстрадаялъул артистаз ахIулел кучIдул.

**П. ЭЛЬДАРОВА**






# Колонка прокурора

## О выявленных прокуратурой района нарушениях бюджетного законодательства

Прокуратурой района проведена проверка соблюдения получателями субсидий (грантов, начинающими фермерами) требований федерального и республиканского законодательства и соглашений о предоставлении грантов, заключенных между получателями грантов (субсидий) и Министерством сельского хозяйства и продовольствия Республики Дагестан.

В нарушение требований Бюджетного кодекса РФ и Постановления Правительства РД от 15.05.2012 N 159 (ред. от 25.03.2015) «Об утверждении Порядка предоставления грантов на развитие семейных животноводческих ферм» руководителями КФХ не представлены отчеты о целевом расходовании средств гранта на развитие семейных животноводческих ферм по формам, установленным Министерством сельского хозяйства Российской Федерации.

По выявленным нарушениям бюджетного законодательства прокуратурой района возбуждены 2 административных производства по ч.2 ст. 15.15.5 КоАП РФ, по результатам рассмотрения 2 лица привлечены к административной ответственности.

**Д.А. Джабраилов**
**Прокурор**
**района советник юстиции**

## ИНФОРМАЦИЯ

***о принятых прокуратурой района мерах к устранению нарушений закона в сфере эксплуатации АЗС на территории Ботлихского района.***

Проведенной прокуратурой района проверкой совместно с сотрудниками ОНД по Ботлихскому району, привлечением специалиста по экологическому надзору исполнения требований законодательства о пожарной безопасности и экологии, выявлены многочисленные нарушения закона.

По выявленным нарушениям пожарной безопасности при содержании автозаправочных станций прокуратурой района в отношении 5 индивидуальных предпринимателем возбуждены дела об административном правонарушении по ч.1 ст.20.4 КоАП РФ, которые удовлетворены.

По фактам нарушения требований федерального законодательства «Об охране атмосферного воздуха прокуратурой района вынесено 4 постановления о возбуждении административного правонарушения по ч.3 ст.8.21 КоАП РФ, которые удовлетворены.

**Г.П. Гасанов**
**Заместитель прокурора района**
**советник юстиции**

Болъихъ №1 гьоркьохъеб школалъ 2001 соналъ МухIамадов Абакар МухIамадовичасул цIаралда кьураб аттестат А-5516284 билун буго. Гьеб гьанжеялдаса нахъе **хIакъикъияб гурелълъун рикIкIуна.**